दिन—शनिवार | दिनांक—02.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेँट कयलनि। ई भेँट पटना स्थित सात सर्कुलर मार्ग पर नीतीश कुमारक नव आवास पर भेल। लगभग आधा घंटा धरि चलल एहि बैसक मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। जखनकि एहि भेँट के औपचारिक जनाओल गेल अछि। मुदा एकरा कैबिनेट विस्तार सँ जोड़ि कऽ देखल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी शीघ्रहि संभावित मंत्री लोकनिक सूची लऽकऽ दिल्ली जा सकैत छथि। जतऽ पार्टी नेतृत्वक संग अंतिम चर्चा के बाद कैबिनेट विस्तार के स्वीकृति देल जा सकैत अछि।

---

राज्य मे जनगणना दू हजार सत्ताईसक पहिल चरणक अंतर्गत मकान सूचीकरण आ मकान गिनती के काज आई सँ शुरू भऽ गेल अछि। पटना के जिलाधिकारी डॉक्टर त्यागराजन एस.एम आइ एहि कार्यक्रमक औपचारिक शुरूआत कयलनि। ओतहि विभिन्न जिला सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि सेहो जनगणनाक पहिल चरणक काज शुरू हेबाक जनतब देलनि अछि। जनगणना—कार्य—सह—नागरिक निबंधन के निदेशक रंजीता पटना मे आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे जनौलनि जे जनगणना के पहिल चरण अति महत्त्वपूर्ण अछि। ओ लोकसभ सँ जनगणना के नाम पर कोनो प्रकारक भ्रम अथवा भ्रामक जनतब पर ध्यान नहि देबाक अपील कयलनि अछि।

एम्हर, स्वगणना के लेल देल गेल पन्द्रह दिनक पूर्व सूचना अवधि काल्हि समाप्त भऽ गेल छल। गृह मंत्रालयक अनुसार घर—घर जा कऽ गणना आ आवासक गिनती के प्रक्रिया तीस मई धरि जारी रहत। एहि दरमियान प्रशिक्षित गणना कर्ता घर—घर जाकऽ आवश्यक जनतब एकत्र करताह। जे नागरिक स्वयं ई प्रक्रिया पूरा नहि कऽ सकलाह अछि हुनक विवरण आब गणनाकर्ता द्वारा घर—घर जाकऽ दर्ज कयल जायत। जनगणना दू हजार सत्ताईसक दोसर चरण अगिला वर्ष फरवरी मे आयोजित कयल जयबाक अछि।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्रालय संचार विशेषज्ञ प्रसून जोशी के भारतक लोक सेवा प्रसारक प्रसार भारती के अध्यक्ष नियुक्त कयलक अछि। श्री जोशी अपन लोक प्रिय फिल्मी गीत आ विज्ञापनक लेल देशभरि मे जानल जायत छथि। सूचना प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे हुनक नेतृत्व मे प्रसार भारती नव ऊर्जा, उद्देश्य आ रचनात्मक शैली के संग काज करत। श्री प्रसून जोशी केन्द्रीय फिल्म प्रमाणन बोर्डक अध्यक्ष सेहो रहि चुकल छथि।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक सचिव चंचल कुमार आइ पटना मे बिहार आ झारखंडक विभिन्न मीडिया इकाई सभक समीक्षा बैसक कयलनि। एहि बैसक मे पत्र सूचना कार्यालय, केन्द्रीय संचार ब्यूरो, आकाशवाणी आ दूरदर्शन के अधिकारी लोकनि उपस्थित छलाह। बैसक मे श्री कुमार सभ मीडिया इकाई के उत्तम समन्वय के संग काज करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे सभ मीडिया इकाई के डिजिटल मीडिया तकनीक के बेसी सँ बेसी उपयोग करैत अपन क्षमता के बढेबाक चाही।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के नेतृत्वबला सरकार नीतीशे कुमार डेग पर चलि कऽ आगां बढि रहल अछि। जदयू प्रदेश कार्यालय मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे श्री चौधरी कहलनि जे वर्तमान सरकार दू हजार पच्चीस सँ तीसक लेल कयल गेल नीतीश कुमारक वादा के पूरा करत।

---

कोसी आ गंडक परियोजनाक संयुक्त समितिक एगारहम बैसक काठमांडु मे तीस अप्रील सँ शुरू भेल छल आ आइ सफलतापूर्वक संपन्न भऽ गेल। एहि बैसक मे दुनू देशक मध्य दीर्घकाल सँ चलि रहल कोसी आ गंडक परियोजना सँ संबंधित विभिन्न तकनीकी आ प्रशासनिक चर्चा कयल गेल। जाहि मे बाढ़ि नियंत्रण, तटबंधकर रख–रखाव, सिंचाई प्रबंधन, कटाव सँ सुरक्षा आ सीमा पार जल मुद्दा पर महत्त्वपूर्ण निर्णय लेल गेल।

———————————————————————————————

केन्द्र सरकार स्वदेशी तकनीकक उपयोग करैत नागरिक लोकनि के आपदा के तत्काल सूचना देबाक लेल सेल ब्रॉडकास्ट सिस्टम शुरू कयलक अछि। एहि प्रणालीक परीक्षण करबाक लेल आइ दुपहर लगभग बारह बजे नागरिक लोकनिक मोबाईल पर सायरन के संग एक सूचना पठाओल गेल। परीक्षण के दौरान संदेश मे लिखल छल– सतर्क नागरिक सुरक्षित राष्ट्र। ई संदेश मात्र परीक्षण के लेल छल। केन्द्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया कहलनि जे एकरा दूर संचार विभाग राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण के सहयोग सँ विकसित कयलक अछि।

———————————————————————————————

जदयूक अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार अपन पहिल राजनीतिक यात्रा के शुरूआत काल्हि तीन मई सँ करताह। निशांत कुमारक एहि यात्रा के नाम सद्भाव यात्रा राखल गेल अछि। जदयूक प्रदेश प्रवक्ता नीरज कुमार आइ बेतिया मे कहलनि जे दू दिवसीय एहि यात्राक दरमियान निशांत कुमार पार्टी कार्यकर्ता लोकनि सँ संवाद सेहो करताह।

———————————————————————————————

मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत भागलपुरक पीरपैंती पावर प्लांट के दौरा कऽ निर्माण काजक जनतब लेलनि। ओ कहलनि जे ई परियोजना राज्यक ऊर्जा आवश्यकता के पूरा करबाक संगहि क्षेत्र मे रोजगार, औद्योगिक विकास आ आर्थिक गतिविधि के नव गति प्रदान करत।

अररिया पुलिस एन.एच सत्ताईस पर वाहन जाँचक दरमियान पश्चिम बंगालक चारि तस्कर के एक करोड़ टाका मूल्यक मादक पदार्थ के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल